



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-750

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN TIMOUN

Kategori: ELÈV

Pibliye: 28 septanm 2017

### REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a modifiye ak ranplase Règleman Chanselye (*Chancellor's Regulation, CR*) A-750 ki gen dat 22 desanm 2016.

#### Chanjman:

- Yo te chanje Tit regleman an an Prevansyon abi ak move tretman timoun.
- Li di definisyon mo paran an gen ladan, pou rezon regleman sa a, nenpòt moun ki responsab pou swen timoun lan.
- Li klarifye yo dwe rele 911 si gen yon gwo menas danje pou sante oswa sekirite yon timoun oswa si yon timoun bezwen swen medikal imedyà.
- Li bay definisyon ki ajou pou abi ak move tretman timoun ak neglijanans nan edikasyon ki konsistan avèk otorite legal ki aplikab yo.
- Li di yon timoun se viktim abi oswa move tretman nenpòt moun ki fè abi sa a kontinye rete oswa yo jwenn li regilyèman nan menm kay ak timoun lan oswa yon anplwaye DOE LYFE Center oswa yon anplwayee yon sant New York City Early Childhood Learning Center (NYCEEC) epi yo mande rapòtè ki mandate sa a pou rapòtè abi sa a (Seksyon I.A.1, p. 2).
- Li klarifye jan yo itilize "direktè" nan regleman sa a refere tou ak Direktè Early Childhood nan yon Sant Pre-K DOE (Seksyon I.A.3).
- Li klarifye se responsablite rapòtè ki mandate a (kontrèman ak direktè/reprezantan I) ki pou prepare ak voye yon rapò alekri lè yo itilize fòm LDSS-2221A nan 48 èdtan apre yo fin fè rapò aloral la bay SCR (Seksyon I.A.5).
- Li di yo dwe voye yon kopi rapò LDSS-2221A bay Direktè FSC pou sèvis elèv (Seksyon I.A.6).
- Li klarifye si rapòtè ki mandate a resevwa lòt enfòmasyon konsènan yon akizasyon pou abi oswa move tretman timoun yo te rapòtè avan, rapòtè ki mandate a (kontrèman direktè/reprezantan I) dwe rele SCR nan espas 24 èdtan lè li fin resevwa lòt enfòmasyon yo; fè konnen li gen lòt enfòmasyon sou yon rapò yo te fè avan; epi bay tout nouvo enfòmasyon, tankou non, tit ak enfòmasyon sou jan pou kontakte tout lòt moun nan estaf la ki konnen lòt enfòmasyon yo. Lè yo fin rele SCR pou rapòtè lòt enfòmasyon yo, rapòtè ki mandate a dwe rapòtè fè a ke Ili te rele direktè/reprezantan I ankò epi li mete ajou fòm LDSS-2221A pou mete ladan lòt enfòmasyon yo (Seksyon I.A.7).

- Li klarifye pou di si vin gen lòt akizasyon sou abi oswa move tretman timoun yo sispèk ki rive ki enplike yon timoun ki te nan yon rapò avan epi akizasyon sa yo se nouvo akizasyon ki soti nan diferan reyalyte, kondisyon oswa sikonstans ki pa sa yo ki te nan rapò avan konsènan timoun lan, yo dwe rapòte dout sa yo bay SCR epi yo dwe prepare yon nouvo rapò LDSS-2221A alekri epi voye l ale (Seksyon I.A.8).
- Li bay enfòmasyon sou kontak ki ajou pou biwo borough CPS yo (Seksyon I.A.8).
- Li klarifye yo entèdi anplwaye lekòl divilge non rapòtè ki mandate a oswa konfime pou lekòl la te fè rapò bay paran an, sijè rapò a, oswa fanmi, oswa nenpòt moun ki pa otorize pou resevwa enfòmasyon sa a dapre Lwa sèvis sosyal. (Seksyon I.A.9).
- Li di si manm estaf lekòl kwè yon travayè CPS te divilge idantite yon rapòtè ki mandate oswa afilyasyon lekòl la ak sijè rapò a oswa yon paran oswa lòt manm fanmi, y ap rapòtè enkyetid sa a ba ACS Office of Safety First ) nan 718-543-7233 (Seksyon I.A.9).
- Li tabli an koneksyon avèk rapò abi oswa move tretman timoun yo sispèk sou yon elèv DOE, se regleman DOE pou yo pran foto tout blesi ki vizib. Yo dwe pran foto yo nan yon anviwonman prive. Lè sa posib ak apwopriye, yo ta dwe mennen elèv la nan biwo enfimiyè a oswa nan sal medikal lekòl la pou yo ka pran foto. Se sèlman yon moun ki te konplete trening ki apwopriye nan Vil Nouyòk ki kapab pran foto. Omwen, nan chak lekòl, enfimiyè lekòl la ak Lyezon ki la pou sa (manm estaf lekòl la direktè a nonmen pou sèvi kòm lyezon sou zafè abi ak move tretman timoun ak Direktè FSC pou sèvis pou elèv dapre Seksyon V.A.2) dwe ranpli trening sa a. Yo dwe antrene omwen de manm estaf lekòl la. Si yo pa voye yon enfimiyè lekòl nan bilding lan, direktè a dwe idantifye yon lòt manm estaf pou yo antrene (Seksyon I.A.10).
- Li tabli lè yo fè direktè/repzantan l konnen abi oswa move tretman timoun yo sispèk la ak siy vizib twoma yo, direktè/repzantan ap imedyatman mande enfimiyè a oswa lòt manm estaf lekòl pou pran foto blesi ki vizib yo. Moun k ap pran foto a dwe mande direktè/repzantan l pou konfime yo te fè yon rapò ba SCR. Si direktè a/repzantan l konfime yo te fè rapò a, li dwe imedyatman bay nimewo “Call I.D.” ba moun ki te pran foto a.. Si direktè/repzantan a pa konfime yo te fè rapò a, moun ki te pran foto a dwe imedyatman fè voye rapò a ba SCR epi suiv pwosedi ki tabli nan regleman an pou fè yon rapò. Si direktè/repzantan a bay konfimasyon sa a men li pa bay rapòtè ki mandate a nimewo “Idantifikasyon apèl la (Call I.D).” nan fen jounen lekòl la, rapòtè ki mandate a dwe imedyatman fè voye rapò a ba SCR epi suiv pwosedi ki tabli nan regleman an pou fè yon rapò (Seksyon I.A.10.a.ii – iii).
- Li di yo dwe pran foto sa yo ak yon aparèy ki pou vil la ke yo bay manm estaf lekòl la epi yo pa ka pran yon moun posede, yo dwe transmèt yo bay ACS nan moman yo voye rapò LDSS-2221A pi vit posib apre sa a, yo dwe fè kopi konsève l yon kote ki ansekirite kote se sèlman direktè/repzantan l ki gen aksè ladan yo epi efase yo sou aparèy vil la. Li di si SCR refize rapò sou abi oswa move tretman yo sispèk sou timoun, Lyezon ki la pou sa a dwe asire li mete ILOG ajou pou montre li te pran yon foto (Seksyon I.A.10. b-e).

- Li di manm pèsònèl DOE dwe fè yon rapò ba Rejis santral pou moun ki vilnerab ( Vulnerable Persons Central Register, VCPR) eta Nouyòk konsènan abi oswa move tretman yo sispèk sou moun tout laj ki abite yon kote lè se yon manm estaf ki komèt abi oswa move tretman sa a (Seksyon I.A.11).
- Li di si SCR refize aksepte yon rapò, rapòtè ki mandate a dwe avize direktè a sou sitiyasyon an ke yo te fè yon rapò epi yo pa te aksepte ak rantrè yon done nan ILOG (Seksyon I.C.1).
- Li klarifye yo ka piblye dosye lekòl yon elèv dapre eksepsyon pou ijans sante ak sekirite ki tabli nan Lwa edikasyon sou dwa ak lavi prive fanmi a (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA) , 20 U.S.C. paragaf § 1232g), si lapolis oswa avoka distri a enfòmè lekòl la y ap fè envestigasyon sou yon akizasyon abi oswa move tretman sou timoun. Responsab lekòl yo ka rele avoka anchèf domèn ( Senior Field Counsel) lan pou mande konsèy avan yo divilge nenpòt dosye bay lapolis oswa bay avoka distri a, men yo pa dwe genreta reta nan divilge dosye sa yo san rezon (Seksyon I.C.4).
- Li di dapre Regleman Chanselye (CR) A-210, lè yon elèv absan pou 10 jou youn apre lòt, kote te gen yon envestigasyon 407 avan pou yon elèv, epi apres a elèv sa a absan pou 8 jou konsekitif oswa 15 jou total; oswa yon elèv nan pre-k jiska 8yèm ane te absan pou 20 jou total nan yon peryòd 4 mwa, yo dwe fè yon envestigasyon Fòm 407 epi yo dwe gade si absans elèv la ka gen rapò avèk neglijanans nan edikasyon oswa lòt fòm move tretman oswa abi sou timoun (Seksyon I.D.2).
- Li klarifye yo dwe ranpli yon rapò sou neglijanans nan edikasyon lè yo satisfè tout kondisyon pou rapòtè neglijanans sa yo, kit yo te fè yon envestigasyon sou prezans nan Fòm 407, kit yo p at fè l (Seksyon I.D.2).
- Li klarifye nan evestigasyon yo, yo dwe pèmèt travayè CPS yo fè entèvyou ak egzamine, sou pwopriyete lekòl la, timoun ki nan yon rapò sou abi oswa move tretman yo sipèk ak frè ak sè yo (siblings), kit sibling yo ale nan menm lekòl la kit yo pa ale nan menm lekòl (Seksyon II.A.3).
- Li klarifye pwosesis pou verifye kalifikasyon yon travayè CPS lè li ap chèche fè yon envestigasyon sou abi oswa move tretman yo sispèk oswa lè yon travayè CPS telefone yon lekòl konsènan akizasyon sa a (Seksyon II.A.4.b).
- Li klarifye depi yo verifye kalifikasyon yon travayè CPS, yo ka ba travayè CPS la aksè dapre eksepsyon pou ijans sante ak sekirite ki tabli nan Family Educational Rights and Privacy Act, (FERPA) 20 U.S.C. paragaf § 1232g, pou tout dosye elèv ki gen rapò avèk timoun yo site nan rapò a ak sibling li si yo ale nan menm lekòl la, tankou IEP ak evalyasyon, sa ki aplikab la. Lekòl yo ka kontakte Senior Field Counsel la pou konsèy avan yo bay aksè oswa kopi dosye sa yo, men yo p ap retade divilge dosye sa yo san rezon (Seksyon I.C.4). (Seksyon II.A.4.c).
- Li klarifye lè yon travayè CPS retire rad yon timoun, yon enfimyè lekòl ka satisfè kondisyon an pou yon dezyèm moun prezan (anplis lòt travayè CPS oswa responsab lekòl la) (Seksyon II.A.4.f).
- Li klarifye pwosedi pou verifye kalifikasyon yon travayè CPS oswa yon manm MDT lè travayè CPS la ap chèche pou mete yon elèv sou pwoteksyon leta (protective custody) oswa youn oswa plizyè manm MDT ap chèche pou mennen yon elèv nan yon CAC/CPC (Seksyon II.B.3.c).

- Li di lekòl la dwe kenbe yon kopi lòd tribinal la, fòm 701-C oswa fòm divilgasyon CAC/CPC MDT lè yo mete yon elèv nan protective custody oswa lè yo mennen l nan yon CAC oswa CPC (Seksyon II.B.3.e).
- Li di lekòl yo dwe dokimante nan ILOG ak OORS tout elèv Child Protective Services retire (Seksyon II.B.3.j).
- Li defini absans ki byen eksplike pou rezon kontwòl prezans elèv ki gen rapò ak byennèt timoun ak sikonstans kote yo dwe enfòm ACS oswa yon ajans patnè ACS sou absans elèv ki gen rapò ak byennèt ki pa byen eksplike. (Seksyon III.A.2).
- Li di pou chak jou absans yon elèv ki konsène byennèt timoun lan, jan yo defini l nan regleman sa a, manm estaf lekòl sa a dwe kontakte paran timoun lan menm jou a ak avize direktè/reprezantan l sou rezilta kontak la. Si yo kontakte paran an epi li bay yon rezon, direktè/reprezantan l nan chita tande avèk manm estaf lekòl la pral detèmine si rezon paran bay la valab (Seksyon III.C.4).
- Li di manm estaf lekòl ki la pou sa a dwe dokimante bagay sa yo nan ILOG pou chak jou absans : a) si yo te kontakte paran an, rezon paran an bay pou absans lan ak desizyon direktè a konsènan validite eksplikasyon an; oswa b) si yo pa ka kontakte paran an, tantativ pou kontakte l ak enposibilite pou fè kontak la (Seksyon III.C.5).
- Li di dapre Lwa sèvis sosyal, paragraf § 41, nenpòt anplwaye lekòl ki patisipe an tout bòn fwa nan fè yon rapò, pran foto oswa deplase oswa kenbe yon timoun oswa divilgasyon enfòmasyon sou sèvis pwoteksyon timoun dapre lòt dispozisyon Lwa sèvis sosyal pral gen pwoteksyon lalwa sou responsablite, sivil oswa kriminel, ki ta ka yon konsekans aksyon sa a (Seksyon IV.A.).
- Li di yon anplwaye gen dwa mande pou vil la defann li nan tout aksyon sivil yo fè kont anplwaye a an koneksyon avèk aksyon li pran pou respekte regleman sa a epi li klarifye yo entèdi DOE pou pran aksyon vanjans kont anplwaye parapò avèk aksyon yo pran pou respekte regleman sa a (Seksyon IV.C, p. 13 and IV.E).
- Li klarifye Biwo Sipò Edikasyon ak Planifikasyon Regleman (Office of Education Support and Policy Planning) ACS disponib pou kowòdone patisipasyon manm estaf ACS nan trening ki fèt nan lekòl yo (Seksyon V.A.3.c).
- Li di Direktè pou sèvis pou elèv nan Field Support Centers yo responsab pou asire lekòl yo resevwa ak revize lis elèv ki konsène byennèt timoun nan lekòl yo ak pran mezi apwopriye dapre Seksyon III. B regleman sa a (Seksyon V.B.2).
- Li di yo dwe bay tout anplwaye lekòl la fòmasyon ki pral pèmèt yo fè rapò ak pran lòt responsablite ki tabli nan règleman an avan 31 oktòb chak ane epi li klarifye kisa fòmasyon sa yo dwe genyen ladan yo (Seksyon VI.A.2).

- Li egzije pou chak lekòl bay yon avi, an angle ak an panyòl ak nan lang yo genyen yo, jan yo egzije sa nan Règleman Chanselye A-663, sou nimewo liy telefòn dirèk OCFS pou abi/move tretman sou timoun ak eksplikasyon pou jwenn aksè nan sitwèb OCFS la epi li dekri kòman yo dwe bay paran, elèv ak anplwaye yo avi sa a, (Seksyon VIII.D).



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-750

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Kategori: ELÈV

Pibliye: 28 septanm 2017

### Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-750 .....	1
<b>REZIME CHANJMAN YO</b> .....	1
<b>REZIME</b> .....	8
<b>PREFAS</b> .....	8
<b>DEFINISYON:</b> .....	9
<b>I. PWOSEDI POU RAPÒTE ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN BA NEW YORK STATE CENTRAL REGISTERFOR CHILD ABUSE AND MALTREATMENT</b> .....	9
<b>A. Fè yon rapò</b> .....	9
<b>B. Pwosedì pou ka ki reprezante gwo menas danje pou yon timoun</b> .....	16
<b>C. Pwosedì si SCR refize yon rapò ak/oswa fè yon rapò ba polis</b> .....	17
<b>D. Rapòte move tretman yo sispèk ki baze sou neglijan nan edikasyon</b> .....	18
<b>II. PWOSEDI POU KOWOPERE AVÈK ENVESTIGASYON CPS SOU ABI OSWA MOVETRETMAN YO SISPÈK SOU TIMOUN</b> .....	19
<b>A. Envestigasyon CPS fè</b> .....	19
<b>B. Transfè elèv nan <i>Child Advocacy Centers (CAC)/Sant pou pwoteksyon timoun (Child Protective Centers) pou investigasyon ekip milti disiplinè oswa lòt depasman timoun sèvis pwoteksyon timoun fè</i></b> .....	20
<b>III. REGLEMAN AK PWOSEDI POU ENKYETID SOU ABSANS K AP OGMANTE NAN ELÈV LEKÒL PRIMÈ AK LEKÒL PRESEGONDÈ KI KONSÈNE BYENNÈT YO (Pwotokòl repons ki gen plizyè nivo)</b> .....	22
<b>A. Repons ki gen plizyè nivo</b> .....	22
<b>B. Idantifye elèv ki gen enkyetid nan byennèt timoun</b> .....	23
<b>C. Revizyon ak Evalyasyon</b> .....	24
<b>D. Rapò obligatwa enkyetid ba ACS oswa Patnè ajans ACS oswa</b> .....	25
<b>E. Rapò Enkyetid ba SCR</b> .....	25
<b>IV. PWOBLÈM LEGAL POU RAPÒTÈ KI GEN MANDA</b> .....	25
<b>A. Iminite pou Responsablite</b> .....	25
<b>B. Responsablite ak sanksyon si yo pa fè rapò</b> .....	26

C.	Entèdiksyon pou fè revanj.....	26
D.	Sèvis konparisyon(subpoena) pou estaf lekòl.....	26
E.	Dwa anplwaye pou mande reprezantasyon legal .....	26
V.	RESPONSABLITE EKIP PREVANSYON AK ENTÈVANSYON AK SANT SIPÒ NAN DOMÈN LAN SOU KA ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN .....	27
A.	Ekip prevansyon ak entèvansyon abi ak move tretman sou timoun nan lekòl yo.....	27
B.	Sant Sipò (Field Support Centers) .....	28
VI.	TRENING ESTAF AK EDIKASYON PARAN AK ELÈV .....	28
A.	Tening manm estaf .....	28
B.	Patisipasyon paran.....	29
C.	Edikasyon elèv .....	29
VII.	OBLIGASYON POU RAPÒTE MOVE KONDUIT ANPLWAYE DOE .....	29
VIII.	ANONS .....	30
IX.	RAPÒ BA CHANSELYE A .....	31
X.	ASISTANS TEKNIK.....	31
XI.	DEMAND RANSÈYMAN .....	31



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-750

Sijè: PREVANSYON ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN

Kategori: ELÈV

Pibliye: 28 septanm 2017

### REZIME

Règleman sa a modifye ak ranplase Règleman Chanselye (Chancellor's Regulation A-750 (CR A-750) ki gen dat 22 desanm 2016.

Lwa sèvis sosyal Eta Nouyòk la egzije pou estaf lekòl rapòte dirèkteman tout ka abi ak move tretman sou timoun yo sispèk ba Rejis Santral Eta a (State Central Register) . Regleman sa a pale sou obligasyon manm estaf lekòl Depatman Edikasyon Vil Nouyòk pou fè rapò sa yo ak kowopere avèk investigasyon New York State Office of Children and Family Services (OCFS) ak New York City Administration for Children's Services (ACS) fè, ke yo rele tout ansanm nan regleman sa a Sèvis pwoteksyon Timoun (Child Protective Services ,CPS), ak sikile enkyetid konsènan absans elèv ki ki gen pou wè ak byennèt timoun.

### PREFAS

Yo konsidere yo abize oswa maltrete yon timoun si timoun lan gen mwens pase 18 ane epi yon paran, responsab, gadyen oswa moun ki abite regilyèman nan kay la, oswa yon lòt moun ki responsab pou swen timoun lan, ki gen ladan yon anplwaye Sant edikasyon pou debitan Vil Nouyòk (New York City Early Education Center, nycdoe) ak yon anplwaye nan yon Sant DOE LYFE, fè timoun nan mal, kreye gwo risk pou domaje oswa pa bay yon minimòm swen pou pwoteje timoun lan. Estaf pèsònèl lekòl DOE, kòm rapòtè ki mandate, yo egzije pou yo rapòte abi oswa move tretman yo sispèk ba SCR imedyatman.

Manm estaf lekòl la ki gen enkyetid konsènan move konduit oswa abi seksyèl yon anplwaye DOE oswa lòt manm ki gen rapò avèk pwogram oswa sèvis DOE komèt, dwe imedyatman rapòte enkyetid sa yo bay Komisè espesyal investigasyon an.

Si yon elèv se viktim aktivite kriminel yo sispèk ki pa abi ak/oswa move tretman sou timoun, manm estaf lekòl la dwe kontakte Depatman Lapolis Vil Nouyòk (New York City Police Department, NYPD).

Si nan yon moman gen yon gwo menas danje pou sekirite oswa sante yon timoun oswa yon timoun bezwen swen medikal, yo dwe kontakte 911 imedyatman.



### **DEFINISYON:**

Pi ba a w ap jwenn definisyon tèm yo itilize nan tout regleman sa a.

### **PARAN**

Tèm paran, jan yo itilize l nan regleman sa a, vle di paran timoun oswa tout moun ki responsab pou swen timoun lan. Yon moun ki responsab pou swen yon timoun gen ladan yon gadyen, yon moun ki gen gad timoun lan oswa tout moun ki nan yon relasyon paran oswa gadyen avèk timoun lan.

### **ABI SOU TIMOUN**

Yon timoun ki poko gen laj 18 lane se viktim abi sou timoun si paran timoun lan, nenpòt moun ki toujou nan kay la oswa nan entèval regilye yo jwenn nan menm kay ak timoun lan, oswa anplwaye yon Sant DOE LYFE oswa yon anplwaye yon NYCEEC blese timoun lan gravman nan mwayen ki pa aksidan, lakoz yon gwo risk pou blese fizik grav ki pa aksidan oswa komèt yon zak abi seksyèl sou timoun lan. Yon moun ka abize yon timoun si li fè nenpòt nan aksyon sa yo kont yon timoun ki soukont li oswa si li pèmèt yon lòt moun fè aksyon sa yo kont timoun sa a.

### **MOVETRETMAN SOU TIMOUN**

Move tretman vle di kalite swen yon timoun yon timoun ap resevwa nan men moun ki responsab swen timoun lan. Move tretman rive lè yon paran, nenpòt moun ki kontinye viv nan lakay la oswa nan entèval regilye yo jwenn nan menm kay ak timoun lan, oswa yon anplwaye nan yon Sant DOE LYFE oswa yon anplwaye nan yon NYCEEC fè yon timoun ki gen mwens pase 18 lane mal oswa mete timoun lan anprezans gwo menas danje pou malè rive lè li: 1) pa bay timoun lan minimòm swen nan bay timoun nan manje, rad,abri pwovizwa (shelter), edikasyon (pa rive bay timoun lan yon minimòm swen ak edikasyon apre vle di nan dokiman sa a, neglijan nan edikasyon), ak/oswa swen medikal lè li gen mwayen finansye pou sa; 2) lè li abandone timoun lan; 3) pa bay bay timoun lan bon jan sipèvizyon; 4) angaje nan itilizasyon dwòg oswa alkòl egzajere ki deranje kapasite pou sipèvize timoun lan yon fason apwopriye; ak/oswa 5) li bat timoun lan anpil san rezon.

### **SIJÈ RAPÒ A**

Sijè rapò a se kont moun yo pote rapò ba SCR pou yon akizasyon abi oswa move tretman sou timoun.

#### **I. PWOSEDI POU RAPÒTE ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN BA NEW YORK STATE CENTRAL REGISTER FOR CHILD ABUSE AND MALTREATMENT**

##### **A. Fè yon rapò**

1. Tout manm estaf pedagogik oswa ki pa pedagogik lekòl la se rapòtè ki mandate pou abi oswa move tretman sou timoun epi yo dwe fè yon rapò jan sa endike pi ba a:

- a. Lè yon timoun ki gen mwens pase 18 lane vin devan yon rapòtè ki mandate nan kapasite ofisyèl oswa pwofesyonèl li nan lekòl la epi rapòtè ki mandate a gen yon rezon valab pou l sispèk paran, nenpòt moun yo jwenn ki toujou nan menm kay avèk timoun lan oswa nan moyn yo jwenn regilyèman nan menm kay la, oswa yon anplwaye nan yon DOE LYFE Center oswa nan NYCEEC, rapòtè ki mandate a gen obligasyon pou rapòtè imedyatman sa li sispèk la bay SCR nan telefòn 1-800-635-1522. Yo pa mande rapòtè ki mandate a pou gen sètitud oswa pou fè entèvyou oswa enspekte timoun lan avan li fè yon rapò.
  - b. Lè paran an, nenpòt moun ki toujou nan menm kay la oswa moun yo jwenn regilyèman nan menm kay ak timoun lan, oswa yon anplwaye yon Sant DOE LYFE oswa yon anplwaye yon NYCEEC vin devan yon rapòtè ki mandate nan kapasite pwofesyonèl oswa ofisyèl li epi li deklare apati enfòmasyon pèsonèl li konnen, kondisyon oswa sikonstans ki, si yo kòrèk, ta fè yon timoun ki gen mwens pase laj 18 lane yon timoun ki viktim abi oswa move tretman, yo egzije rapòtè ki mandate a pou rapòtè imedyatman sa li sispèk la bay SCR, jan yo di sa nan Seksyon IA1.a.
  - c. Ansanm avèk pwòp enfòmasyon sou jan pou yo kontakte rapòtè ki gen manda a, rapòtè ki mandate sa a dwe bay SCR non, tit ak moun pou yo kontakte pou chak manm estaf li kwè ki gen enfòmasyon dirèk sou akizasyon yo nan rapò a, depi rapòtè ki mandate sa a gen enfòmasyon sa yo. Rapòtè ki mandate a dwe bay enfòmasyon sou abi oswa move tretman timoun yo sispèk la sou timoun lan, epi li dwe konseye si timoun lan ap resevwa sèvis edikasyon espesyal ak tip andikap la, depi rapòtè a gen enfòmasyon sa yo.
  - d. Kondisyon pou fè rapò sou move tretman yo sispèk dapre neglijan nan edikasyon jan sa tabli nan seksyon I.D. Pwosedi ki gen rapò avèk investigasyon sikonstans ki antoure absans yon elèv pou detèmine si absans yo ka gen rapò ak neglijan nan edikasyon oswa lòt move tretman oswa abi sou timoun yo, yo nan Règleman Chanselye A-210 (Nòm pou pwogram prezans (Standards for Attendance Programs).
2. Lè moun ap fè yon rapò aloral, rapòtè ki mandate a dwe mande SCR nimewo "Idantite apèl la (Call I.D.)" Rapòtè ki mandate a ak responsab lekòl dwe kenbe ak itilize nimewo "Call I.D." pou ranpli fòm rapò alekri OCFS LDSS-2221A ak Rapò sou ensidan ki rive a sou entènèt (Online Occurrence, OORS) DOE a. (Gade Seksyon I.A.5 and IX.)

3. Apre rapòtè ki gen manda a fin fè rapò a ba SCR, li dwe avèti direktè a/reprezantan l imedyatman (pa pi ta pase fen jounen lekòl la), epi ba li nimewo "Call I.D." a. Jan yo itilize "direktè" nan regleman sa a li vle di tou Direktè Early Childhood nan yon Sant Pre-K DOE. Reprezantan direktè a dwe se yon manm Ekip entèvansyon ak prevansyon abi ak move tretman sou timoun (Child Abuse and Maltreatment Prevention and Intervention Team) (Gade Seksyon V). Yo fikse pi ba a responsablite direktè a an koneksyon avèk regleman sa a. Si direktè a chwazi pou delege responsablite sa yo ba yon reprezantan, direktè a dwe nonme yon reprezantan chak ane.
4. Si rapòtè ki mandate a gen yon rezon valab pou l sispèk abi oswa move tretman sou timoun epi li gen konesans dirèk yon lòt rapòtè ki mandate nan lekòl la te deja fè yon rapò ba SCR sou menm fè, kondisyon oswa sikonstans yo, li ap imedyatman swa: 1) rapòtè sa li sispèk la bay SCR dirèkteman jan sa endike anwo a; swa 2) chita pale avèk direktè a/reprezantan an. Si direktè a/reprezantan l konfime yo te fè yon lòt rapò, li dwe imedyatman ba rapòtè ki gen manda a nimewo "Call I.D." a. Si direktè/reprezantan a pa konfime yo te fè yon lòt rapò a, rapòtè ki mandate a dwe imedyatman tcheke rapò a pou SCR epi suiv pwosedi tabli nan regleman jan sa tabli pi wo a. Si direktè/reprezantan a bay konfimasyon sa a men pa bay rapòtè ki mandate a nimewo "Idantifikasyon apèl la (Call I.D)." nan fen jounen lekòl la, rapòtè ki mandate a dwe imedyatman tcheke nan rapò a avèk SCR ak suiv pwosedi ki tabli pi wo a.
5. Rapòtè ki mandate a dwe prepare yon rapò alekri tou lè l sèvi avèk fòm LDSS-2221A nan lesplas 48 èdtan apre yo fin fè rapò oral la bay SCR. Rapò alekri sa a dwe genyen ladan li: a) non, tit ak enfòmasyon kontak pou chak anplwaye ki kwè gen konesans dirèk sou akizasyon an (yo) nan rapò a; b) kote rapò abi oswa move tretman an konsène yon timoun ki gen yon andikap, yon deskripsyon andikap timoun nan ak sèvis medikal oswa sèvis ki gen rapò avèk lekòl la ap ofri; epi c) nimewo "Call I.D." SCR bay. Rapòtè ki mandate a dwe mande tou yon kopi rezilta a apre investigasyon an lè l tcheke kare "Wi" a ki sou fòm nan kote li di "Rapòtè ki mandate a mande pou jwenn rezilta investigasyon an." Ou ka jwenn kopi fòm nan sou sitwèb DOE Prevansyon Abi sou Timoun nan: <http://ocfs.ny.gov/main/Forms/cps/LDSS-2221A.dot>. Yo dwe voye rapò alekri LDSS-2221A a oswa voye l pa lapòs nan biwo lokal CPS la nan borough a kote swadizan sispèk rapò a rete (gade enfòmasyon kontak CPS la pi ba a).

6. Lekòl la dwe kenbe yon kopi tout rapò alekri LDSS-2221A nan yon dosye ki gen etikèt sou Rapò Sispèk Abi sou Timoun, epi mete dosye a nan yon kote ki ansekirite aksesib sèlman pou direktè/reprezantan an. Yo dwe voye tou yon kopi rapò a bay Direktè Field Support Center (FSC) pou Sèvis Elèv la, ki dwe menm jan an gade rapò sa yo (responsablite Direktè FSC pou Sèvis Elèv yo konsènan prevansyon ak entèvansyon abi sou timoun jan sa tabli nan Seksyon VB).
7. Si rapòtè ki mandate a resevwa lòt enfòmasyon konsènan yon akizasyon sou abi oswa move tretman sou timoun ki te rapòtè anvan, rapòtè ki mandate a dwe rele SCR nan 24 èdtan apre li fin resevwa enfòmasyon adisyonèl la, di ke li gen lòt enfòmasyon sou yon rapò ki te fèt deja epi bay tout nouvo enfòmasyon konsènan non, tit ak enfòmasyon kontak pou nenpòt lòt manm estaf ki gen konesans dirèk sou akizasyon an. Si lòt enfòmasyon an pa gen nouvo akizasyon yo, yon nouvo rapò ekri LDSS-2221A pa obligatwa. Lè yo fini rele SCR pou rapòtè lòt enfòmasyon, rapòtè ki mandate a dwe rapòtè fè a ke lòt apèl nou te fè pou direktè a/reprezantan l epi mete ajou rapò alekri LDSS-2221A ki te deja soumèt pou mete ladan lòt enfòmasyon ak voye rapò ajou a jan sa endike nan Seksyon I.A.5.
8. Si lòt akizasyon sou sispèk abi oswa move tretman timoun rive nan enplike yon timoun ki te nan yon rapò deja epi akizasyon sa yo se nouvo akizasyon ki soti nan diferan reyalyte, kondisyon oswa sikonstans pase sa yo ki te voye rapò a avan konsènan timoun sa a, yo dwe rapòtè enkyetid sa yo bay SCR epi yo dwe prepare yon nouvo rapò alekri LDSS-2221A epi voye l ale dapre Seksyon I.A.1-5.  
Enfòmasyon sou moun pou kontakte CPS

Yo ka voye rapò alekri LDSS-2221A nan adrès imèl yo jwenn nan:

<https://infohub.nyced.org/partners-and-providers/health-and-wellness/reporting-child-abuse/>.

Adrès biwo borough CPS yo pou voye rapò alekri LDSS-2221A jan sa endike pi ba a:

Local Register

**Manhattan Field Office**

Applications Unit

55 West 125th Street - 3rd Floor

New York, NY 10027

Local Register

**Brooklyn Field Office**

Applications Unit

1274 Bedford Ave. - 2nd Floor

Brooklyn, NY 11216

Local Register

**Bronx Field Office**

Applications Unit

2501 Grand Concourse

5yèm etaj

Bronx, NY 10468

Local Register

**Staten Island Field Office**

Applications Unit

350 St. Mark's Place - 3rd Floor

Staten Island, NY 10301

Local Register

**Queens Field Office**

Applications Unit

165-15 Archer Avenue - 3rd Floor

Jamaica, NY 11433

9. Rapò rapòtè ki gen manda yo fè bay SCR yo konfidansyèl men yo pa ka fè rapò yo san mete non sou yo. Rapòtè ki mandate yo dwe bay CSR non yo. Yo entèdi travayè CPS yo pou divilge non rapòtè ki mandate oswa divilge afilyasyon lekòl rapòtè ki mandate a bay paran an, kontni rapò a, oswa fanmi an pandan yon investigasyon. Anplis, yo entèdi anplwaye lekòl sa a nan divilge non rapòtè ki mandate a oswa konfime lekòl la te fè rapò a pou rapòtè paran an, sijè rapò a, oswa fanmi, oswa nenpòt moun ki pa otorize pou resevwa enfòmasyon sa a dapre Lwa sèvis sosyal. Lwa Sèvis Sosyal la prevwa ke yo ka bay CPS idantite moun k ap fè rapò a sèlman, yon tribinal, yon gran jiri, yon avoka distri, lapolis oswa yon lòt ajans ki otorize espesifikman aksè sa a.
- Si yon rapòtè ki mandate gen rezon pou l sispèk ke yon manm estaf DOE te divilge enfòmasyon li bay nenpòt pati ki pa gen otorizasyon legal pou resevwa enfòmasyon sa yo, yo dwe fè yon rapò imedyatman nan Biwo Sèvis Legal Depatman an nan 212-374-6888. Si manm estaf lekòl kwè yon travayè CPS te divilge idantite yon rapòtè ki mandate oswa afilyasyon lekòl la ak kontni rapò a oswa yon paran oswa lòt manm fanmi, yo dwe rapòtè enkyetid sa a nan (Biwo Premye Sekirite ACS, ACS Office of Safety First) nan 718-543-7233.

## 10. Regleman pou fè foto blesi lè yo sispèk abi oswa move tretman timoun

Nan koneksyon avèk rapò sispèk abi oswa move tretman timoun, se regleman DOE pou yo ka pran foto tout blesi vizib twoma yo, jan sa endike pi ba a. Yo dwe pran foto yo nan yon anviwonman prive ki sèvi pi byen enterè ak lavi prive timoun lan. Lè sa posib ak apwopriye, yo ta dwe mennen timoun lan nan biwo enfimiyè a oswa nan sal medikal lekòl la pou yo ka pran foto. Se sèlman yon moun ki te ranpli fòmasyon apwopriye Vil Nouyòk la ki kapab pran foto. Omwen, nan chak lekòl, enfimiyè lekòl la ak Lyezon Deziye (manm estaf lekòl la direktè a nonmen pou sèvi kòm lyezon sou zafè abi ak move tretman timoun ak Direktè FSC pou sèvis pou elèv dapre Seksyon V.A.2) dwe ranpli trening sa a. Yo dwe antrene omwen de manm estaf lekòl la. Si yo pa voye yon enfimiyè lekòl nan bilding lan, direktè a dwe idantifye yon manm estaf ranplasan pou yo antrene, lèt manm estaf ka pran fòmasyon sa a tou.

## a. Notifikasyon bay Direktè/represantan I ak Rapò bay SCR

- i. Lè yon rapòtè ki mandate obsève siy vizib twoma epi li gen yon koz rezonab pou sispèk abi oswa move tretman sou timoun, rapòtè ki mandate a dwe: a) nan lide pou yo pran foto, imedyatman notifiye direktè a/represantan sou abi oswa move tretman timoun yo ak siy vizib twoma; epi b) imedyatman apre sa fè yon rapò oral bay SCR, dapre pwosedi ki nan Seksyon I.A.1 epi pa pita nan fen jounen lekòl la bay direktè a/represantan I, nimewo "Idantifikasyon apèl" la, dapre Seksyon I.A.3.
- ii. Lè yo avize direktè a/represantan sou sispèk abi oswa move tretman sou timoun ak siy vizib twoma yo, direktè a/represantan an dwe imedyatman fè enfimiyè a oswa Lyezon Deziyen an oswa yon lèt manm estaf lekòl ki resevwa fòmasyon pou pran foto blesi vizib yo dapre pwosedi ki dekri pi ba a.

- iii. Moun k ap pran foto a dwe mande direktè/reprezantan l pou konfime yon rapò ke yo te fè pou SCR. Si direktè a/reprezantan l konfime yo fè rapò a, li dwe imedyatman bay nimewo "Call I.D." a bay moun ki te pran foto a jan sa endike nan Section I.A.4. Si direktè/reprezantan a pa konfime yo te fè rapò a, moun ki te pran foto a dwe imedyatman fè voye rapò a bay SCR epi suiv pwosedi ki tabli nan Seksyon I.A.1-5. Si direktè/reprezantan a bay konfimasyon sa a men li pa bay rapòtè ki mandate a nimewo Call I.D a nan fen jounen lekòl la, rapòtè ki mandate a dwe imedyatman fè voye rapò a bay SCR ak suiv pwosedi ki tabli nan Seksyon I.A.1-5.
  - iv. Direktè a/reprezantan an dwe imedyatman, men pa pita pase 24 èdtan apre yo te pran foto yo, enfòmè Lyezon ki la pou sa a, si l pa te responsab pou pran foto, ke yo te pran foto.
  - v. Rapòtè ki mandate a dwe voye rapò alekri LDSS-2221A a nan 48 èdtan apre li fè rapò oral la bay SCR, dapre pwosedi ki tabli nan Seksyon 1.A.5. Rapòtè ki mandate a dwe tcheke kazye "Foto" ki sou fòm kote li di "mezi yo pran oswa yo pral pran."
- b. Pran foto
- i. Yo dwe pran foto yo nan yon anviwònman prive yon fason ki nan pi bon enterè ak lavi prive timoun lan. Lè sa posib ak apwopriye, yo ta dwe mennen elè la nan biwo enfimyè a oswa nan sal medikal lekòl la pou yo ka pran foto.
  - ii. Yo dwe pran foto avèk yon aparèy vil la posede ke yo bay yon manm estaf lekòl la epi yo pa ka pran foto avèk yon aparèy yon moun kèlkonk posede pèsonèlman.
  - iii. Se sèlman yon moun ki te resevwa fòmasyon apwopriye nan Vil Nouyòk ki kapab pran foto yo.
  - iv. Yo pa ka pran okenn foto epi yo pa ka fè okenn egzamen nan zòn aparèy jenital, anal oswa tete yon timoun.
- c. Transmèt Foto blesi timoun lan bay ACS
- i. Apre yo fin pran foto yo, yo dwe bay imedyatman Lyezon ki la pou sa a aparèy ki gen foto a.
  - ii. Lyezon ki la pou sa a dwe jwenn enfòmasyon sa yo: nimewo "Call I.D." SCR; non elèv la; nimewo OSIS elèv la; ak dat yo te voye rapò alekri LDSS-2221A a.

- iii. Nan moman yo voye rapò ekri LDSS-2221A a, oswa pi vit posib apre sa, Lyezon ki la pou sa a dwe voye yon imèl ki gen foto yo ladan kòm fichye ki gen yon kòd(encrypted) nan bwat mesaj imel ACS ki la pou borough espesifik yo endike pi ba a apati yon aparèy vil la posede dapre pwosedi DOE devlope yo. Imèl la dwe genyen: nimewo "Call I.D." SCR; non elèv la; nimewo OSIS elèv la; kantite foto ki atache; non moun ki voye yo; ak non lekòl la ak DBN li.  
Bronx: [DOEPhotosBronx@acs.nyc.gov](mailto:DOEPhotosBronx@acs.nyc.gov)  
Brooklyn: [DOEPhotosBrooklyn@acs.nyc.gov](mailto:DOEPhotosBrooklyn@acs.nyc.gov)  
Manhattan: [DOEPhotosManhattan@acs.nyc.gov](mailto:DOEPhotosManhattan@acs.nyc.gov)  
Queens: [DOEPhotosQueens@acs.nyc.gov](mailto:DOEPhotosQueens@acs.nyc.gov)  
Staten Island: [DOEPhotosStatenIsland@acs.nyc.gov](mailto:DOEPhotosStatenIsland@acs.nyc.gov)
  - d. Konsève ak estoke foto yo
    - i. Lyezon ki la pou sa a dwe enprime yon kopi foto a. Yo dwe konsève foto a ansanm avèk rapò ekri LDSS-2221A a yon kote ki ansekirite kote se sèlman direktè/reprezantan l ki ka gen aksè ladan, jan sa endike nan Seksyon I.A.6. Rapò a ak foto a se dokiman konfidansyèl epi yo pa ka divilge yo bay konsè rapò a, paran, oswa fanmi yo epi yo ka divilge yo sèlman bay moun ki otorize pou resevwa enfòmasyon sa yo dapre Lwa Sèvis Sosyal la, jan sa endike nan Seksyon I.A. 9.
    - ii. Apre yo fin transmèt foto a bay ACS epi yo fin fè yon kopi foto a, Lyezon KI LA POU SA A dwe konsève imèl li te resevwa konfimasyon ACS la, efase foto a nan aparèy vil la posede, epi efase imèl ki gen foto ladan yo te transmèt bay ACS.
  - e. Pwosedi si SCR refize yon rapò sou abi oswa move tretman yo sispèk sou timoun
    - i. Si SCR refize rapò sou abi oswa move tretman yo sispèk sou timoun, rapòtè ki mandate a dwe suiv pwosedi ki nan Seksyon I.C.1.
    - ii. Direktè/reprezantan an dwe avize Lyezon ki la pou sa a pou fè konnen yo p at resevwa rapò a. Lyezon ki la pou sa a ap asire enfòmasyon nan ILOG ki endike SCR di li p at resevwa rapò a ajou pou li gen enfòmasyon ki di yo te pran yon foto epi efase yo imedyatman sou aparèy vil la posede. Yo pa p fè oswa konsève okenn kopi foto sa yo.
11. Manm estaf DOE dwe fè yon rapò bay Vulnerable Persons Central Register (VCPR) eta Nouyòk nan 855-373-2122, olye bay SCR, chak fwa yo gen yon rezon valab pou yo sispèk yon manm estaf nan yon kote moun ap viv te komèt abi oswa move tretman sou moun nenpòt laj.
- B. Pwosedi pou ka ki reprezante gwo menas danje pou yon timoun**
- 1. Si nenpòt ki lè gen rezon pou kwè gen gwo menas danje pou sante oswa sekirite yon timoun oswa yon timoun bezwen swen medikal imedyà, yo dwe rele 911.
  - 2. Si nan fen jounen lekòl la pou pi ta yon travayè CPS pa fè yon rapò sou abi oswa move tretman sou timoun yo sispèk bay SCR epi yo kwè ke lavi, sante oswa sekirite



timoun lan gen gwo menas danje si timoun nan retounen lakay li, direktè/reprezantan an dwe avèti Direktè pou Sèvis Sosyal FSC la epi answit rele 911 pou mande asistans lapolis pou ijans.

**C. Pwosedi si SCR refize yon rapò ak/oswa fè yon rapò ba polis**

1. Si yon operatè SCR refize aksepte yon rapò, rapòtè ki mandate ka mande pou sipèvizè SCR la revize rapò a. Si yo pa aksepte yon rapò, rapòtè ki mandate a dwe jwenn non operatè SCR a ak/oswa sipèvizè ki te nan telefòn lan, avèti direktè a/reprezantan ke li te fè yon rapò epi yo pa aksepte epi fè mete yon remak nan ILOG.
2. Nan kèk ka, SCR ap fè yon Rekòmandasyon Lapolis (Law Enforcement Referral, LER) epi voye yon rapò sou abi oswa move tretman sou timoun bay NYPD pou envestigasyon. Responsab lekòl yo dwe kolabore avèk envestigasyon lapolis la ak biwo avoka distri a.
3. Lè NYPD vle kesyone yon elèv sou yon akizasyon abi oswa move tretman yo sispèk sou timoun kont yon paran, direktè a dwe pèmèt entèwogasyon an fèt epi li pa dwe kontakte paran elèv la. Lè Lapolis vle kesyone yon elèv sou yon akizasyon abi kont yon moun ki kontinye oswa regilyèman ap viv nan menm kay la kòm elèv abi oswa move tretman yo sispèk la, NYPD ap detèmine, apre chita pale avèk direktè a, si entèwogasyon an ta dwe fèt san kontakte paran elèv la, epi direktè a ap aji nan sans sa a. Nan yonn oswa lòt ka, direktè a oswa yon moun timoun lan santi li alèz dwe prezan pandan entèvyou a, sofsi timoun lan refize sa.
4. Yo ka divilge dosye elèv yon timoun dapre eksepsyon ijans sante ak sekirite ki tabli nan Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA), 20 U.S.C. § 1232g, si lapolis oswa avoka distri a enfòmè lekòl la ke yo ap mennen envestigasyon sou yon akizasyon abi oswa move tretman sou timoun, responsab lekòl yo ka rele Senior Field Counsel yo a pou jwenn konsèy anvan yo divilge nenpòt dosye bay lapolis oswa bay avoka distri a, p ap gen reta pou divilge dosye sa yo, san rezon.

5. Lè NYPD vle keyone yon elèv sou yon akizasyon yon krim ki pa abi oswa move tretman sou timoun paran elèv la, oswa yon moun ki toujou oswa regilyèman jwenn nan menm kay elèv la komèt, yo dwe suiv pwosedi ki tabli nan Règleman Chanselye a A-412 (Sekirite nan Lekòl yo). Lè NYPD ap chèche gen aksè nan dosye elèv yon timoun an koneksyon avèk yon krim ki pa abi sou timoun li komèt sou yon elèv, yo dwe suiv pwosedi ki tabli nan Règleman Chanselye a A-412.

**D. Rapòte move tretman yo sispèk ki baze sou neglijans nan edikasyon**

1. Yo dwe ranpli yon rapò sou neglijans nan edikasyon bay SCR dapre pwosedi ki tabli nan Seksyon I.A. chak fwa absans yon elèv ki gen laj pou prezans obligatwa lakoz yon rapòtè ki mandate sispèk bagay sa yo:
  - a. Paran an okouran oswa ta dwe deja okouran absans yo:
  - b. Paran an kontribiye nan absans timoun lan oswa li pa pran mezi efikas pou rezoud pwoblèm lan ak pou timoun lan retounen lekòl (sa vle di pa bay yon minimòm nivo swen); epi
  - c. Absans lan afekte edikasyon timoun lan.

**Menmsi yo pa satisfè tout kondisyon yo tabli pi wo a pou rapòte neglijans nan edikasyon, yo dwe fè yon rapò bay SCR dapre pwosedi ki tabli nan Seksyon I.A chak fwa responsab lekòl yo gen rezon valab pou yo sispèk abi oswa move tretman sou timoun.**

2. Règleman Chanselye A-210 (Nòm pou pwogram prezans) tabli kondisyon pou moman yo dwe fè investigasyon pou elèv ki kontinye absan yo. Investigasyon sa yo mande mezi akonpayman ak entèvansyon elve ke yo dwe aplike apre itilizasyon mezi swivi ak motivasyon regilye. Dapre Règleman Chanselye A-210, lè yon elèv absan pandan 10 jou youn apre lòt; kote te gen yon investigasyon 407 avan pou yon elèv, epi apre sa elèv sa a absan pou 8 jou youn apre lòt oswa 15 jou total; oswa yon elèv nan klas pre-k jiska 8yèm ane te absan pou 20 jou total nan yon peryòd 4 mwa, yo dwe fè yon investigasyon fòm 407 epi li dwe detèmine si absans elèv la ka gen rapò ak neglijans nan edikasyon oswa lòt fòm move tretman oswa abi sou timoun.<sup>1</sup> Yo dwe ranpli yon rapò pou neglijans nan edikasyon lè yo satisfè tout kondisyon pou rapòte neglijans nan edikasyon yo, jan sa tabli nan Seksyon I.D, kit yo te ranpli fòm investigasyon 407, kit yo p at ranpli l.

<sup>1</sup> Yo ta dwe voye tout kesyon konsènan Fòm Evestigasyon 407 bay Support Programs at 212-374-0835 nan 212-374-0835.

## II. PWOSEDI POU KOWOPERE AVÈK ENVESTIGASYON CPS SOU ABI OSWA MOVETRETMAN YO SISPEK SOU TIMOUN

### A. Envestigasyon CPS fè

1. Travayè lokal CPS yo ka fè investigasyon sou abi oswa move tretman yo sispèk sou timoun . Travayè CPS yo mete sou ka a pral fè entèvyou avèk rapòtè ki mandate a avèk tout moun nan lekòl la ki gen konesans dirèk sou baz rapò a.
2. Tout manm estaf lekòl la gen obligasyon devan lalwa pou kowopere nan investigasyon sou ka abi oswa move tretman yo sispèk sou timoun ak pou kowopere avèk travayè CPS ki la pou sa a, kit se manm estaf lekòl ki fè akizasyon yo, kit se pa yo.
3. Lè y ap fè investigasyon yo, yo dwe otorize travayè CPS pou fè entèvyou ak egzamine, sou pwopriyete lekòl la, timoun ki nan yon rapò kòm sispèk abi oswa move tretman ak frè ak sè yo, kit frè ak sè yo ale nan menm lekòl la, kit yo pa ladan, jan sa tabli pi ba a.
4. Responsab lekòl yo dwe suiv pwosedi sa yo lè travayè CPS la swete fè yon investigasyon sou pwopriyete lekòl la lè yo sispèk abi oswa move tretman sou timoun:
  - a. Yo dwe avize direktè/reprezantan l.
  - b. Lè yon travayè CPS ap envestige yon rapò, yo dwe mande l pou yo wè kat idantite l ki gen foto l pou yo ka verifye kalifikasyon l. Responsab lekòl yo pa dwe fè kopi kat idantite travayè CPS la. Lè yon travayè CPS ap kominike avèk manm estaf lekòl la nan telefòn, responsab lekòl yo dwe mande li pou l voye yon imèl apati adrès imèl ACS oswa yon faks sou papyè antèt ACS pou yo ka verifye kalifikasyon moun ki rele an.
  - c. Kou yo fin verifye kalifikasyon l, yo ka bay travayè CPS la aksè dapre eksepsyon pou ijans sante ak sekirite ki tabli nan Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA), 20 U.S.C. § 1232g, pou tout dosye elèv ki gen rapò avèk timoun yo site nan rapò a avèk frè ak sè li si yo ale nan menm lekòl, tankou evalyasyon ak IEP, jan sa aplikab. Lekòl yo ka kontakte Senior Field Counsel lan pou konsèy avan yo bay aksè nan dosye oswa fè kopi dosye sa yo, men p ap gen reta pou bay dosye sa yo san rezon. Lekòl la ap bay dosye travayè CPS la mande yo sou fòm elektwonik (sètadi, pa imel oswa faks) oswa lè li bay kopi dosye sa yo.
  - d. Yon fwa yo fin verifye kalifikasyon yo, travayè CPS la dwe gen pèmision pou fè investigasyon. Si travayè CPS la oswa timoun lan mande sa, yon manm estaf lekòl la ki konnen timoun lan byen ka prezan pou obsève nenpòt entèvyou avèk timoun lan. Manm estaf lekòl la ki prezan nan yon entèvyou konsa gen obligasyon pou kenbe konfidansyalite epi yo ka mande l pou yo temwaye nan tribinal la.

- e. Lè yon travayè CPS vle kesyone yon elèv sou yon akizasyon abi sou timoun kont yon paran pou abi oswa move tretman sou timoun, lekòl la pa dwe kontakte paran an elèv la. Lè akizasyon abi oswa move tretman yo sispèk sou timoun lan se kont yon moun ki kontinye viv nan menm kay la oswa ki nan kay la regilyèman avèk elèv la, direktè a, nan chita pale avèk CPS, pral detèmine si pou yo kontakte paran elèv la.
- f. Nan fè investigasyon yo, travayè CPS yo ka retire rad sou yon timoun, si dapre opinyon pwofesyonèl yo, retire rad sa a nesèsè pou detèmine nati ak dimansyon abi oswa move tretman an. Nan okenn sikonstans, yon travayè CPS pa gen dwa retire rad sou yon timoun sofsi gen yon lòt travayè CPS, yon responsab lekòl la oswa yon enfimyè ki la sou plas. Si yo bezwen retire rad yon timoun pou yo egzamine l yo dwe mennen timoun lan nan yon lopital oswa, dapre pwosedi ki tabli nan Seksyon II.B, yo dwe mennen l nan yon sant k ap defann timoun (Child Advocacy Center) pou fè egzamen sa a.

**B. Transfè elèv nan *Child Advocacy Centers (CAC)/Sant pou pwoteksyon timoun (Child Protective Centers) pou investigasyon ekip milti disiplinè oswa lòt depласman timoun sèvis pwoteksyon timoun fè***

Suivan sikonstans endividyèl, yon investigasyon yon akizasyon pou abi oswa move tretman yo sispèk sou timoun ka lakoz yo mete yon elèv deyò nan lekòl pou yo ka pran mezi swivi ak/oswa fè lòt evalyasyon ki apwopriye. Sa ka rive swa lè: (1) yon travayè CPS oswa NYPD retire yon elèv pou mete l sou kontwòl sèvis k ap pwoteje timoun; swa (2) yo transpòte elèv la nan yon Child Advocacy Center (CAC) oswa nan Child Protective Center (CPC) pou yon investigasyon ekip miltidisciplinè (Multidisciplinary Team, MDT) nan yon anvivònman ki agreyab pou timoun . Men pwosedi lekòl la dwe suiv nan ka sa yo:

1. Yo mete elèv yo sou kontwòl sèvis k ap pwoteje timoun  
Nan kèk ka, travayè CPS oswa NYPD yo ka retire yon elèv nan yon lekòl epi mete l sou kontwòl sèvis k ap pwoteje timoun pou yo ka garanti sekirite timoun lan.
2. Transfè elèv nan CACs/CPCs  
Nan ka ki enplike akizasyon pou abi fizik, abi seksyèl ak/oswa move tretman grav, yo ka mennen yon elèv nan yon CAC/CPC pou yon investigasyon MDT ke yon manm MDT fè. Se manm estaf ACS ak NYPD ki konpoze MDT an, ak biwo avoka distri (District Attorneys' Offices) yo ki travay ansanm pou akonpli objektif sa yo:

- a. asire yo reyini prèw ki efikas, atan ak yon fason kowòdone ;
  - b. redui twomatis lakay timoun lan pandan pwosesis investigasyon an lè yo redui kantite entèvyou repete epi fè entèvyou ak timoun ki viktim yo ansanm nan anvivònman ki fanilye ak timoun lan, lè sa posib;
  - c. bay aksè pou egzamen medikal fèt atan ak pou se pwofesyonèl sante kalifye ki fè tretman pou viktim abi oswa move tretman sou timoun, lè li posib; epi
  - d. bay aksè nan sèvis entèvansyon pou kriz, sèvis k ap defann viktim ak sèvis sante mantal pou timoun viktim yo ak moun k ap bay swen ki pa agresè.
3. Direktè/reprezantan yo dwe respekte pwosedi sa yo lè travayè CPS yo ap chèche pou mete yon timoun sou kontwòl sèvis k ap pwoteje timoun oswa lè yonn oswa plizyè manm MDT ap chèche pou mennen yon timoun nan yon CAC/CPC:
- a. Lekòl la dwe pèmèt travayè CPS yo mete timoun yo sou kontwòl sèvis k ap pwoteje timoun, depi yo prezante yon lòd tribinal oswa yon fòm 701-C (yon deklarasyon ekri ki soti nan ACS ki di gen sikonstans ijan ki prezante yon danje imedya pou timoun lan fè tèt li mal). Sipèvizè a oswa travayè sosyal la dwe siyen fòm 701-C a. Si travayè CPS la pa rive prezante yon lòd tribinal oswa fòm 701-C a, direktè a/reprezantan l dwe konfime avèk sipèvizè travayè CPS la ke CPS detèmine pou yo mete timoun lan sou kontwòl sèvis k ap pwoteje timoun lan.
  - b. Lekòl la dwe pèmèt yon manm MDT mennen yon elèv nan yon CAC/CPC depi li prezante fòm deplasman CAC/CPC MDT a. Manm MDT apwopriye a dwe siyen fòm deplasman an. Fòm deplasman an disponib nan: <https://infohub.nyced.org/partners-and-providers/health-and-wellness/reporting-child-abuse/>.
  - c. Lekòl la dwe verifye kalifikasyon travayè CPS la oswa manm MDT a lè li mande pou wè kat idantite l ki gen foto l sou li. Sepandan, yo pa otorize okenn responsab lekòl pou fè kopi kat idantite ki gen foto travayè CPS oswa manm MDT a.
  - d. Lekòl la dwe avèti Direktè FSC pou sèvis elèv nenpòt lè yo retire yon elèv epi mete li sou kontwòl sèvis k ap pwoteje timoun oswa lè yo mennen l nan yon CAC/CPC. Direktè FSC pou sèvis elèv dwe kenbe yon dosye pou tout elèv sa yo ke yo retire.
  - e. Lekòl la dwe kenbe yon kopi lòd tribinal la, fòm 701-C a oswa fòm liberasyon CAC/CPC MDT nan yon lokal sekirize nan lekòl la.

- f. Lè yo mennen elèv lan nan yon CAC/CPC pou entèvyou, yon manm nan estaf lekòl la ka akonpaye timoun lan ak manm MDT an kote yo prale a si timoun lan sanble pa alèz pou deplase avèk manm MDT a oswa si timoun lan oswa manm MDT a mande sa. Sepandan, okenn otorite lekòl pa otorize pou yo prezan nan sal y ap fè vrè entèvyou a pandan investigasyon an, ni li pa gen dwa obsève entèvyou a.
- g. Nan sikonsatans kote travayè CPS oswa NYPD retire elèv lan nan lekòl la epi mennen timoun lan sou kontwòl sèvis k ap pwoteje timoun, lekòl la dwe avèti paran an nan telefòn imedyatman apre yo fin retire timoun lan nan lekòl la. Si yo pa ka jwenn paran an nan telefòn avan fen jounen lekòl la, responsab lekòl yo DWE AVÈTI pòs polis la epi ba yo enfòmasyon pou kontakte lakay timoun lan, pou si paran an rapòte yo pa wè timoun lan, lapolis ka enfòmè paran an oswa moun pou kontakte nan ka ijans lan sou kote timoun lan ye.
- h. Nan sikonstans kote yon manm MDT mennen yon elèv nan yon CAC/CPC, manm MDT a pral avèti paran an, epi ba paran an enfòmasyon sou moun pou kontakte. Si paran an kontakte lekòl la, lekòl la ap fè l konnen yo te mennen elèv la nan yon CAC/CPC epi l ap bay paran an enfòmasyon sou moun pou l kontakte.
- i. Manm estaf DOE pa responsab pou transpòte yon elèv pou plis evalyasyon. Manm MDT yo ap gen responsablite pou transpòte timoun lan nan CAC/CPC a epi pou mennen l tounen lekòl la, lakay li oswa nan lòt kote ki apwopriye.
- j. Lekòl yo dwe dokimante nan ILOG ak nan OORS tout elèv yo retire ak mete sou kontwòl sèvis k ap pwoteje timoun ak/oswa transpòte nan CACs/CPCs pou investigasyon MDT .

**III. REGLEMAN AK PWOSEDI POU ENKYETID SOU ABSANS K AP OGMANTE NAN ELÈV LEKÒL PRIMÈ AK LEKÒL PRESEGONDÈ KI KONSÈNE BYENNÈT YO (Pwotokòl repons ki gen plizyè nivo)**

**A. Repons ki gen plizyè nivo**

Absans yon elèv primè oswa lekòl presegondè ki pa byen eksplike ki konsène byennèt timoun ka vle di sekirite elèv sa a menase. Pou rezon règleman sa a, elèv DOE ki nan foster care ak elèv DOE ki gen paran yo oswa tout moun yo jwenn kontinyèlman oswa nan entèval regilye nan menm kay ak timoun nan oswa ki fèk te anba investigasyon ACS kòm rezilta yon rapò sou abi oswa move tretman yo sispèk manm estaf DOE fè bay SCR yo rele elèv ki ki gen enkyetid pou byennèt timoun, jan sa endike nan Seksyon III.B.

1. Lekòl yo dwe kontwole prezans elèv yo ki gen enkyetid sou byennèt timoun. Anplis aplike egzijans ki gen rapò avèk prezans ki tabli nan Règleman Chanselye A-210, lè y ap revize prezans elèv yo ki gen enkyetid sou byennèt timoun yo, lekòl yo dwe pran mezi swivi konsènan kontak paran yo, ogmantasyon enkyetid bay ACS, ak rapò OORS règleman sa a egzije.
2. Yon absans byen eksplike, jan yo itilize tèm sa a nan règleman sa a, se yon eksplikasyon pou yon absans ke direktè a detèmine ki satisfèzan nan chita pale avèk manm estaf k ap fè kontak la, paske li: a) pa lakòz direktè lekòl la /reprizantan kesyone rezon yo bay pou absans lan; epi b) pa soulve enkyetid konsènan byennèt timoun lan. Yon absans byen eksplike ka pa nesèman yon absans ki motive dapre règleman sou prezans nan lekòl.

**B. Idantifye elèv ki gen enkyetid nan byennèt timoun**

Lekòl yo dwe suiv etap sa yo pou idantifye elèv plizyè nivo repons yo konsène..

1. Lè yo itilize done ki egziste ant ACS ak DOE, DOE pral kreye chak mwa ak estoke ansekirite yon lis elèv ki gen enkyetid nan byennèt timoun. Direktè FSC pou Sèvis Elèv yo responsab pou asire ke lekòl yo resevwa epi revize lis elèv nan lekòl yo ki gen enkyetid nan byennèt timoun. Lekòl yo dwe mete ajou lis sa yo lè yo gen plis enfòmasyon.
2. Elèv ki gen enkyetid nan byennèt timoun pou rezon règleman sa a tonbe nan kategori (Tier) I, II, oswa III, jan sa defini l pi ba a.
  - a. Tier I
 

Tier I gen ladann elèv ki genyen tout kondisyon sa yo:

    - i. Timoun lan nan lekòl primè oswa lekòl presegondè (pre-kindergarten jiska 8yèm ane); epi
    - ii. Yo nonmen timoun lan nan yon rapò SCR ki anba investigasyon aktyèl ACS, oswa fanmi timoun lan sou sipèvizyon Tribinal..
  - b. Tier II
 

Tier II gen ladann elèv ki genyen tout kondisyon sa yo prezan:

    - i. Timoun lan nan lekòl primè oswa lekòl presegondè (pre-kindergarten jiska 8yèm ane); epi
    - ii. Yo te nonmen timoun lan nan yon rapò SCR ke yo jwenn ki fonde apre investigasyon ACS fè nan ane lekòl aktyèl oswa avan an.
  - c. Tier III
 

Nivo III gen ladann elèv ki genyen tout kondisyon sa yo prezan:

- i. Timoun lan nan lekòl primè oswa lekòl presegondè (pre-kindergarten jiska 8yèm ane); epi
- ii. Timoun lan nan foster care kounye a (tankou inosans nan pwosè).

**C. Revizyon ak Evalyasyon**

Lekòl yo dwe suiv etap sa yo pou kontwole prezans elèv yo ki gen enkyetid nan byennèt timoun:

1. Direktè a/reprezantan an dwe mete chak elèv ki gen enkyetid nan byennèt timoun ak yon manm estaf lekòl pou tcheke prezans yo chak jou, fè apèl endividyèl pou absans chak jou yo epi kreye abitud nan istwa prezans ak akademik la. Moun sa a dwe fè rechèch regilye sou pwofesè salklas yo ak sou biwo sante lekòl la epi mete ajou dosye ILOG elèv sa yo ki gen enfòmasyon enpòtan sou pwogrè lekòl oswa sou pwoblèm ki parèt.
2. Direktè a/reprezantan an dwe asire manm estaf lekòl ki responsab pou kontwole prezans elèv sa yo ak fè swivi avèk fanmi yo konsènan absans gen aksè nan lis elèv lekòl la ki gen enkyetid nan byennèt timoun yo, yo konnen epi sèvi avèk endikatè ki enpòtan nan Automate the Schools yo (ATS) pou idantifye elèv pre-kindergarten jiska 8yèm ane ki gen enkyetid nan byennèt timoun epi yo abitye ak pwosedi ki nan règleman sa a.
3. Direktè a/reprezantan an dwe asire ke reprezantan lekòl la nome, Kowòdonatè Prezans, ak/oswa manm estaf lekòl la ki responsab pou kontwole prezans elèv sa yo gen aksè nan enfòmasyon ki montre sitiyasyon prezans yo chak jou.
4. Nan chak jou absans yon elèv ki gen enkyetid nan byennèt timoun lan, manm estaf lekòl ki la pou sa a dwe fè kontak paran yo menm jou a epi fè direktè/reprezantan l konnen rezilta kontak la. Si yo kontakte an epi li bay yon rezon, direktè/reprezantan l nan chita tandè avèk manm estaf lekòl la dwe detèmine si rezon paran bay la sifi.
5. Manm estaf lekòl ki la pou sa a dwe dokimante nan ILOG pou chak jou absans bagay sa yo: a) si yo kontakte paran an, rezon paran an bay pou absans lan ak desizyon direktè a pran konsènan si eksplikasyon an sifi; oswa b) si yo pa rive kontakte paran an, tantativ ki fèt pou kontakte l ak enposibilite pou kontakte l. Yo dwe rapòte absans yo devan ACS nan sikonstans ki endike pi ba a nan Seksyon III.D.



6. Chak semèn, direktè/reprezantan an dwe swiv pousantaj prezans aktyèl jiska dat (YTD) ak total jou absans ak reta elèv ki gen enkyetid nan byennèt timoun, swa nan reyinyon regilye ekip prezans lekòl la, nan reyinyon kabinè direktè a oswa nan lòt estrikti ki tabli nan lekòl la pou revize rapò prezans YTD chak semèn.

**D. Rapò obligatwa enkyetid ba ACS oswa Patnè ajans ACS oswa**

1. Nan premye jou absans yon elèv nan Tier I, si lè I ap fè kontak la, kowòdonatè prezans/reprezantan direktè lekòl la : a) pa kapab kontakte paran an; b) rive jwenn paran an men paran an bay yon eksplikasyon ki sifizan pou absans la jan direktè a detèmine nan chita pale avèk manm estaf la k ap fè kontak la; oswa c) kontakte paran an epi paran an pa bay okenn rezon pou eksplike absans lan (paran an rakwoche telefòn lan oswa refize reponn kesyon lekòl la) kowòdonatè prezans/reprezantan direktè lekòl la dwe:
  - a. imedyatman kontakte ACS oswa ACS Agency Partner pou rapòte absans elèv la ak rezilta kontak la; epi
  - b. dokimante kontak lekòl la nan ILOG.
2. Pou elèv ki nan Tier II ak Tier III, nan twazyèm jou konsekitif absans kote yo pa ka jwenn paran an ak/oswa kote yo pa bay okenn eksplikasyon ki sifi, jan direktè a detèmine a, nan chita pale avèk manm estaf lekòl k ap fè kontak la, anplwaye lekòl la meta a dwe:
  - a. imedyatman kontakte Biwo sipò edikasyon ak planifikasyon Regleman (ACS Office of Education Support and Policy Planning) nan 212-453-9918 oswa nan [Education.unit@acs.nyc.gov](mailto:Education.unit@acs.nyc.gov) oswa ajans foster care apwopriye a, jan sa aplikab, pou rapòte absans elèv ak rezilta kontak la; ak
  - b. dokimante kontak lekòl la fè ak patnè Biwo ACS ki aplikab la nan ILOG.

**E. Rapò Enkyetid ba SCR**

Si nan nenpòt moman yon manm estaf la gen rezon valab pou sispèk ke timoun lan te sibi abi oswa move tretman, manm estaf la dwe: a) imedyatman rapòte sa li sispèk la bay SCR dapre Seksyon I.A; epi b) asire li kontakte imedyatman biwo ACS oswa ajans foster care apwopriye k ap bay swen adoptif la, jan sa aplikab. Si nenpòt ki lè manm estaf lekòl la gen rezon valab pou kwè ke gen yon gwo menas danje pou sante oswa sekirite yon timoun, oswa yon timoun bezwen swen medikal imedyata, manm estaf lekòl la dwe rele 911.

**IV. PWOBLEM LEGAL POU RAPÒTÈ KI GEN MANDA**

**A. Iminite pou Responsablite**

Dapre Lwa Sèvis Sosyal, paragraf § 419, nenpòt anplwaye lekòl k ap patisipe ak an tout bònfwon nan fè yon rapò, pran foto, deplase oswa kenbe yon timoun oswa

divilgasyon enfòmasyon sèvis pwoteksyon timoun yo dapre lòt dispozisyon Lwa Sèvis Sosyal yo, pral gen iminite pou nenpòt responsablite, sivil oswa penal, ki ta ka rive otreman akòz aksyon sa yo. Yo sipoze rapòtè yo gen bonfwa, piske moun sa yo se responsablite yo y ap pran, nan kad travay yo, epi yo pa te angaje nan move konduit volontè oswa neglijan grav nan fè yon rapò, nan pran foto, nan deplase oswa kenbe yon timoun oswa divilgasyon enfòmasyon sèvis pwoteksyon timoun dapre dispozisyon Lwa Sèvis Sosyal yo. Lè w fè yon fo rapò ekspresè, sa a ekspoze rapòtè a ak responsablite penal ak sivil.

**B. Responsablite ak sanksyon si yo pa fè rapò**

Volonte ak/oswa pa fè rapòtè ekspresè pou abi oswa move tretman sou timoun ka lakoz pousuit penal oswa responsablite sivil si anplwaye a te gen bon jan rezon pou l sispèk sa. Sa ka lakoz DOE pran sanksyon disiplinè kont anplwaye a.

**C. Entèdiksyon pou fè revanj**

Lekòl la ak/oswa lòt responsab DOE pa gen dwa fè okenn revanj onivo estaf kont yon anplwaye anrapò ak aksyon yo pran pou respekte règleman sa a.

**D. Sèvis konparisyon(subpoena) pou estaf lekòl**

Estaf lekòl la dwe respekte tout lòd konparisyon (subpoena) lalwa delivre. Si yon manm estaf resevwa yon subpoena pou parèt nan tribinal oswa pou soumèt dokiman ki gen rapò ak yon ka abi oswa move tretman sou timoun, li dwe imedyatman kontakte Direktè FSC pou Sèvis pou elèv ak *Office of Legal Services* nan (212) -374-6888 pou jwenn plis enfòmasyon ak plis èd.

Si subpoena a soti nan yon ajans gouvènman, manm estaf la ap kontakte avoka yo site nan subpoena epi mande pou yo mete l sou alèt telefòn pou konparisyon nan tribinal l ap tann lan. Alèt telefòn pèmèt manm estaf la rete nan lekòl la jiskaske yo egzije pou l konparèt pèsonèlman. Li rekòmande pou manm estaf la pale avèk avoka gouvènman an avan li konparèt devan tribinal konsènan sa k ap soti nan jijman an. Manm estaf la ka mande tou pou avoka a fè aranjman pou l rete tann nan yon sal prive apa nan tribinal la avan yo tande temwayaj li.

**E. Dwa anplwaye pou mande reprezantasyon legal**

Yon anplwaye gen dwa pou mande pou vil la defann li nan nenpòt aksyon sivil li te pran kont anplwaye a konsènan aksyon li te pran pou respekte règleman sa a.

Dapre Lwa jeneral meri a (General Municipal Law), paragaf § 50-k, jeneralman yon anplwaye elijib pou jwenn reprezantasyon legal ak konpansasyon depi, nan peryòd tan ki enpòtan, anplwaye a te aji nan kad travay leta li ak nan

ranpli devwa li, epi li pa te vyole okenn règ oswa règleman DOE. Y ap bay reprezantasyon legal ak konpansasyon jan sa tabli nan General Municipal Law § 50-k

pou rapòtè mandate ki gen bònfwà ke yo atake nan jistis akòz li rapòtè yon ka abi oswa move tretman li sispèk timoun.

Sonje: Rapòtè ki mandate yo ki gen kesyon oswa enkyetid konsènan nenpòt rapò ka kontakte ACS Office of Safety First nan 718-543-7233.

**V. RESPONSABILITE EKIP PREVANSYON AK ENTÈVANSYON AK SANT SIPÒ NAN DOMÈN LAN SOU KA ABI AK MOVE TRETMAN SOU TIMOUN**

**A. Ekip prevansyon ak entèvansyon abi ak move tretman sou timoun nan lekòl yo**

1. Chak direktè lekòl dwe etabli yon Ekip Prevansyon ak Entèvansyon pou Abi ak Move Tretman sou Timoun nan lekòl la. Anplis direktè a/reprezantan l, ekip lekòl la ap gen ladan manm sa yo ak lòt ankò : yon administratè, yon konseye pedagogik, yon reprezantan UFT, yon reprezantan paran, lòt reprezantan sèvis pèsònèl elèv ak yon reprezantan Ekip lidèchip lekòl (School Leadership Team, SLT).
2. Chak direktè ap nome yon manm estaf ki soti nan Ekip prevansyon abi ak move tretman sou timoun lekòl la pou sèvi kòm lyezon pou Direktè FSC pou Sèvis elèv ( yo rele l lyezon yo nome). Lyezon yo nome a ap ede nan fasilite kominikasyon ant ajans yo ak pataje enfòmasyon ant lekòl la, CPS ak ajans fwaye dakèy (foster care) yo.
3. Ekip prevansyon ak entèvansyon pou abi ak move tretman sou timoun nan lekòl la dwe :
  - a. Devlope, aplike ak mete ajou chak ane yon plan prevansyon ak entèvansyon abi ak move tretman sou timoun, ki fè pati "Plan inifye Devlopman Lekòl ak Jèn " yo dwe voye anvan 31 oktòb chak ane lekòl. Plan prevansyon ak entèvansyon abi ak move tretman sou timoun lan dwe gen ladan fòmasyon pou manm estaf ak pwogram edikasyon pou paran ak elèv yo sou abi ak move tretman sou timoun. (Gade Seksyon VI pou plis enfòmasyon sou trening ak edikasyon paran ak elèv).
  - b. Bay trening, resous ak konsèy sou prevansyon ak entèvansyon sou abi ak move tretman sou timoun pou anplwaye lekòl yo an kolaborasyon avèk FSC. Si Direktè a vle sa, ekip yo ka itilize konferans pwofesè yo ak tan pou preparasyon yo, ki konsistan avèk kondisyon kontra yo, pou prepare resous ak konsèy sa yo ak pou fè trening sa a.

- c. Itilize ajans sèvis sosyal lokal pou bay estaf, elèv ak paran sèvis/trening sou prevansyon ak entèvansyon abi ak move tretman sou timoun. Biwo Sipò Edikasyon ak Planifikasyon ACS (ACS Office of Education Support and Policy Planning) disponib pou kowòdone patisipasyon manm estaf ACS nan trening nan lekòl. Yo ka voye demand trening nan [Education.unit@acs.nyc.gov](mailto:Education.unit@acs.nyc.gov) oswa nan telefone 212-453-9918.

**B. Sant Sipò (Field Support Centers)**

1. Direktè FSC pou Sèvis Elèv yo responsab pou sipòte lekòl yo pou rezoud pwoblèm abi ak move tretman sou timoun. Direktè FSC pou Sèvis Elèv yo responsab sitou pou:
  - a) revize, evalye ak apwouve plan pou prevansyon ak entèvansyon pou abi ak move tretman sou timoun chak lekòl; b) sèvi kòm lyezon avèk Kowòdonatè vil DOE pou Prevansyon Abi ak Neglijans sou Timoun, SCR, CPS lokal yo ak lòt founisè sèvis yo; c) etabli yon relasyon travay ak CPS lokal yo, ajans kominotè yo ak lòt founisè sèvis pou amelyore komunikasyon ak sèvis pou manm estaf lekòl la, paran ak elèv yo; d) resevwa rapò alekri nan men direktè yo sou tout ka yo rapòte bay SCR epi kenbe yon bon komunikasyon ak CPS lokal la; epi e) bay administratè lekòl yo, Lyezon Deziyen yo, ak Ekip Prevansyon ak Entèvansyon pou Abi ak Move Tretman sou Timoun nan Lekòl la sipò ak fòmasyon kontini sou règleman ak prevansyon sou abi ak move tretman sou timoun bay, jan sa endike nan Seksyon VI.
2. Direktè FSC pou Sèvis Elèv yo responsab tou pou asire ke lekòl yo resevwa ak revize lis elèv ki nan lekòl yo ki gen enkyetid nan byennèt ak pran mezi apwopriye, dapre Seksyon III.B.

**VI. TRENING ESTAF AK EDIKASYON PARAN AK ELÈV**

**A. Tening manm estaf**

1. Chak ane, tout Lyezon yo nome yo dwe resevwa Fòmasyon ki pou Lyezon yo nome, ki debat idantifikasyon ak rapò sou abi ak move tretman yo sispèk sou timoun ak pwotokòl rapò DOE.
2. Yo dwe bay tout manm estaf lekòl la fòmasyon ki pral pèmèt yo fè rapò ak pran lòt responsablite ki tabli nan règleman sa a. Yo dwe fè trening sa a anvan 31 oktòb chak ane epi li dwe genyen ladan:
  - a. siy abi ak move tretman sou timoun;
  - b. egzijans règleman sa a, tankou lè yo dwe fè yon rapò sou abi oswa move tretman sou timoun, kòman pou fè yon rapò ak kòman pou kolabore avèk investigasyon CPS lokal yo;
  - c. teknik pou jere ak travay avèk paran ak elèv avan, pandan ak apre yo rapòte ensidan sou abi oswa move tretman sou timoun; ak
  - d. aspè legal ak enplikasyon ki gen rapò avèk rapò sou abi ak move tretman sou timoun, ki gen ladan kondisyon konfidansyalite ak konsekans si yo pa fè yon rapò, ak lòt bagay ankò.

3. Yo dwe bay Lyezon ki nome yo ak enfimyè lekòl yo trening sou fè foto siy vizib blesi ki konsènan rapò sou abi oswa move tretman yo sispèk sou timoun. Si yo pa mete yon enfimyè lekòl nan bilding lekòl la, yo dwe bay lòt manm estaf direktè a idantifye pou pran foto yo, ak nenpòt lòt manm estaf ki la pou sa trening sa a, jan sa endike nan Seksyon I. A. 10

#### **B. Patisipasyon paran**

1. Tout lekòl yo devlope ak bay paran yo pwogram edikasyon sou abi ak move tretman sou timoun. Pwogram sa yo ta dwe debat lwa ki gen rapò ak abi ak move tretman sou timoun, tankou wòl lekòl la nan prevansyon ak entèvansyon abi ak move tretman sou timoun ak obligasyon lekòl la pou rapòte ka abi oswa move tretman yo sispèk. Pwogram yo ka genyen tou kreyasyon gwoup sipò paran nan lekòl ak aktivite pou devlope kapasite paran pou elve timoun.

2. Yo ta dwe prezante aktivite pou edikasyon paran yo nan yon fason pozitif epi konsantre premyeman nan sa lekòl la prepare pou fè, ki se pwoteje timoun ak ede fanmi yo.

Yo ta dwe itilize resous nan lekòl la ak nan kominote a pou ofri paran ak elèv sipò dirèk ak endirèk anmenmtan. Pou plis enfòmasyon, lekòl yo ta dwe gade regleman DOE-ACS kreye ansanm sou rapò neglijanans nan edikasyon (Joint Policy on Educational Neglect Reporting) nan: <https://infohub.nyced.org/docs/default-source/default-document-library/jointpolicystatementofreportingandinvestigatingedneglect312010.pdf>

#### **C. Edikasyon elèv**

1. Lekòl yo dwe bay tout elèv enfòmasyon sa yo, ke yo ka mete nan pwogram sante ak sekirite ki egziste deja yo:
  - a. Enfòmasyon ak aktivite apwopriye pou laj elèv konsènan abi ak move tretman sou timoun, abi ak agresyon seksyèl; ak
  - b. enfòmasyon ki apwopriye pou laj sou estrateji prevansyon ak devlope kapasite sekirite pèsònèl.
2. Nan bay elèv edikasyon, lekòl yo ka jwenn aksè nan Seasons of Peace, yon estrikti kourikoulòm pou prevansyon abi ak move tretman timoun ke DOE devlope pou ede elèv chèche asistans ak entèvansyon si yomenm oswa yon moun yo konnen sibi abi oswa move tretman paegzanp sitiyaasyon abi ak move tretman sou timoun, anlèvman, vyolans domestik, ak vyolans nan renmen). Ou ka jwenn kopi Seasons of Peace si w kontakte Pwogram Prevansyon Abi ak Neglijanans sou Timoun (gade Seksyon XI pou enfòmasyon pou kontakte.)

### **VII. OBLIGASYON POU RAPÒTE MOVE KONDUIT ANPLWAYE DOE**

Chak anplwaye oswa fonksyonè DOE gen yon obligasyon afimatif pou rapòte imedyatman ba Komisè espesyal investigasyon (Special Commissioner of Investigation) pou distri lekòl Vil Nouyòk tout enfòmasyon konsènan abi seksyèl ak/oswa move konduit anplwaye DOE oswa lòt moun ki gen rapò ak pwogram oswa sèvis lekòl fè sou elèv, kit se nan lekòl la kit se

deyò. Lè yon anplwaye oswa yon otorite deside pa rapòte move konduit sa a li ka lakoz yo revoke l nan pòs li oswa nan travay li. Enfòmasyon konsènan investigasyon k ap kontinye konfidansyèl.

Yo ka kontakte Special Commissioner of Investigation an nan:

212-510-1400

80 Maiden Lane - 20th Floor

New York, NY 10038

<http://nycsci.org/>

## **VIII. ANONS**

- A. Chak lekòl dwe afiche byen klè kopi “Pwen esansyèl CR A-750” (Highlights of Chancellor’s Regulation A-750.”) Ou ka jwenn yon kopi nan sitwèb prevansyon abi sou timoun DOE a nan [https://infohub.nyced.org/docs/default-source/default-document-library/highlights-of-cr-a-750-\(blue-card\)-revised-6-17.pdf](https://infohub.nyced.org/docs/default-source/default-document-library/highlights-of-cr-a-750-(blue-card)-revised-6-17.pdf)
- B. Chak direktè dwe bay tout manm estaf la, tankou manm estaf pedagojik ak sa ki pa pedagojik, yon kopi Highlights of Chancellor’s Regulation A-750.
- C. Yo dwe bay nenpòt manm estaf ki mande sa yon kopi CR A-750.
- D. Chak lekòl dwe bay yon avi, an angle ak panyòl, ak nan lang yo kouvri yo jan Règleman Chanselye A-663 mande an, nimewo liy telefòn dirèk OCFS pou abi/move tretman timoun ak eksplikasyon pou ale nan sitwèb OCFS a konsa:
  1. Lè yo afiche: a) nimewo telefòn gratis la (1-800-342-3720)  
OCFS ap opere a pou resevwa rapò sou abi oswa move tretman timoun; ak b)  
Adrès entènèt pou ale nan sitwèb OCFS nan <http://ocfs.ny.gov/main/cps/>.  
Ou ka jwenn yon kopi afich lan nan: <https://infohub.nyced.org/partners-and-providers/health-and-wellness/reporting-child-abuse/> Y ap afiche enfòmasyon sa yo nan zòn ki byen vizib nan bilding lekòl ak sou sitwèb lekòl, si sitwèb sa a egziste.
  2. Lè yo bay paran enfòmasyon sa yo omwen yon fwa chak ane lekòl nan yon fason lekòl la deside, tankou atravè kominikasyon elektwonik oswa nan enfòmasyon yo bay elèv pote lakay, ak nan lòt mwayen akò;
  3. Lè yo bay chak pwofesè ak administratè nan lekòl la enfòmasyon sa yo; epi

4. Lè w mete enfòmasyon sa yo disponib nan biwo administratif distri ak lekòl yo.

#### **IX. RAPÒ BA CHANSELYE A**

Rapò OORS sou abi oswa move tretman sou timoun.

Direktè a/reprezantan gen obligasyon pou voye yon rapò OORS chak fwa yo te fè yon rapò sou abi oswa move tretman sou timoun bay SCR nan 24 èdtan apre yo te fin mete direktè a/reprezantan okouran rapò a bay SCR epi li resevwa nimewo "Call I.D." number" Direktè a/reprezantan an dwe antre nimewo "Call I.D." a nan rapò OORS la. Yo pa ka mete okenn enfòmasyon sou kote rapò a soti piske enfòmasyon yo konfidansyèl.

Ou ka ale nan sitwèb DOE OORS nan: <https://ats.nycboe.net/safety/portal/>. Office of School and Youth Development (OSYD) bay yon biwo sipò (help desk) pou ede avèk pwoblèm teknik ou ka genyen. Help desk la disponib apati 7:00 AM rive 7:00 PM lendi rive vandredi. Pou kontakte help desk la, konpoze (718) -935-5004 epi mande pou OSYD Web Support.

#### **X. ASISTANS TEKNIK**

Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn bay asistans pou aplike règleman sa a epi devlope yon plan pou prevansyon ak entèvansyon pou abi ak move tretman sou timoun epi li bay tout fòmasyon ak materyèl edikatif sou abi ak move tretman sou timoun. Gen materyèl ak resous anplis sou prevansyon abi sou timoun ki disponib pou responsab lekòl yo sou: [Abi sou timoun - Sipò ki pa akdemik - depatman edikasyon Vil Nouyòk](#). Pou asistans teknik kontakte Kowòdonatè Vil la pou Pwogram Prevansyon Abi/Neglijans sou Timoun (gade Seksyon XI pou jwenn enfòmasyon sou moun pou kontakte).

#### **XI. DEMAND RANSÈYMAN**

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo bay:

Citywide Coordinator

Child Abuse/Neglect Prevention Program

N.Y.C. Depatman Edikasyon

52 Chambers Street – Room 218

New York, NY 10007

Telefòn: 212-374-0805

Faks: 212-374-5751